# Ҳаял-қызларға берилген усыныснама тийкарында Қарақалпақстанда неше абитуриент грант тийкарында студент болғаны мәлим етилди

Image not found or type unknown

**2020-жыл 23-июнь күни Министрлер Кабинети тәрепинен жоқары оқыў орынларына қосымша мәмлекетлик грант тийкарындағы қабыллаў көрсеткишлери шеңберинде ҳаял-қызларға таңлаўда қатнасыў ушын усыныснама бериў ҳәм оларды оқыўға қабыллаўды шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы реже қабыл етилген еди.**

Усы режеге муўапық, быйылғы жылы Өзбекстан Республикасы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы бойынша «Темир дәптер», «Ҳаяллар дәптери»не киргизилген шаңарақлардың қыз перзентлери, сондай-ақ, «Жаслар дәптери»не киргизилген ҳаял-қызлардан 2443 ине орнатылған тәртипте усыныснамалар берилген. Бул ҳаққында ҚР Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министрлиги хабар берди.

Олар арасынан 114 ҳаял-қыз жоқары оқыў орынлары бакалавриатының күндизги тәлим бағдарларына қосымша мәмлекетлик грант тийкарында студентликке қабыл етилген.

Усыныснама тийкарында студентликке қабыл етилген ҳаял-қызларды қала ҳәм районлар кесиминде алып қарайтуғын болсақ:

Нөкис қаласы – 20;

Әмиўдәрья районы – 8;

Беруний районы – 7;

Бозатаў районы – 5;

Кегейли районы – 6;

Қанлыкөл районы – 13;

Қараөзек районы – 2;

Қоңырат районы – 4;

Мойнақ районы – 4;

Нөкис районы – 6;

Тақыятас районы – 3;

Тахтакөпир районы – 3;

Төрткүл районы – 7;

Хожели районы – 7;

Шоманай районы – 1;

Шымбай районы – 14;

Елликқала районы – 4 студент болып табылады.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**